

ADOLESAN AK MARIWANA

Kesyon Kouran yo. Repons ki senp.

KISA MARIWANA YE?

Mariwana se yon dwòg siko-aktif epi sikotwòp. Li genyen ladan yon melanj sèk, dechire, vèt/mawon flè, tij, grenn, ak fèy plan cannabis sativa. THC (delta-9-tetrahydrocannabinol) se yon engredyan prensipal ki pwodwi efè siko-aktif.

KIJAN ADOLESAN YO ITILIZE MARIWANA?

- Pi souvan, yo fimen plant lan lè yo woule l vin yon sigarèt oswa lè yo mete l nan yon pip kristal oswa an metal.
- Yo fimen oswa yo vaporize rezin lasi, ki pi fò — yo souvan refere sa antanke “vaping” oswa itilize yon “estilo vapè.” Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaping, gade Bwat Zouti Delaware sou Vaping lan nan <https://www.healthylouisiana.org/Community-Partners/Toolkits/Vape#intro>.
- THC, pwodwi chimik ki aktif nan mariwana, ka ajoute nan manje oswa bonbon epi yo manje l.

ELÈV YO ITILIZE MARIWANA AK VAPING

Dènyèman, vaping mariwana te eksploze pami elèv lekòl segondè yo. Adolesan k ap fimen mariwana te double ant lane 2013 ak 2020, selon National Institutes of Health (NIH).

- **35% nan elèv 12 yèm ane etid NIH Monitoring the Future te entewoje te konsome mariwana pandan ane pase a, epi prèske 67% nan yo te vaporize mariwana. Se yon ogmantasyon parapò ak anviwon mwens pase 10% sèlman twa lane anvan.**

KI EFÈ ITILIZASYON MARIWANA GENYEN?

Nan sèvo a:

- Aprantisaj, atansyon, ak pwoblèm memwa
- Pèsepsyon ki chanje ak letan
- Move kowòdinasyon ak konpetans motris
- Anksyete ak paranoya
- Difikilte pou reflechi ak pou rezolisyon pwoblèm

Nan kò a:

- Ogmantasyon batman kè
- Anflamasyon vwa respiratwa nan poumon yo
- Tansyon ateryèl ki bese, ki lakoz vètij
- Efè fizik lontèm tankou pwoblèm pou respire ak pwoblèm pou dòmi

Sosyalman epi nan lekòl la:

- Pèfòmans nan lekòl ki agrave
- Ogmantasyon risk twoub sante mantal
- Alterasyon nan kondwit



ÈSKE ADOLESAN YO VIN ADIKTE AK MARIWANA?

- Wi. Sa rele yon twoub konsomasyon mariwana. Selon National Institute sou Konsomasyon Dwòg, anviwon youn nan 11 moun ki konsome mariwana pral vin adikte. Pousantaj sa a se anviwon youn nan sis si konsomasyon mariwana kòmanse pandan ane adolesans, epi ale jiskaske yo vin konsomatè toulejou.
- Ekspozisyon prekos sa a ka rann li plis difisil pou kite mariwana, menm lè li afekte lavi yon moun yon fason negatif.
- Lè yon moun sispann konsome mariwana, li fè fas ak sentòm tankou:
 - Move karaktè oswa chanjman imè
 - Ensomni
 - Diminasyon nan apeti
 - Anksyete
 - Gwo anvi

ÈSKE MARIWANA LEGAL?

Sa konplike. Kounyeya anpil eta ap legalize posesyon mariwana konsènan sèten kantite mariwana pou konsomasyon medikal oswa pèsònèl. Men yon bagay sèten: Li toujou ilegal pou adolesan yo genyen oswa konsome mariwana. Nan Delaware, konsomasyon cannabis pou rezon medikal otorize pou pasyan adilt yo ki genyen sèten gwo maladi. Pou rezon rekreyatif, oswa pou konsomasyon adilt, cannabis ilegal, byenke posesyon yon ti kantite (mwens pase yon ons) te dekriminalize.

ÈSKE MARIWANA A SE YON DWÒG POU KÒMANSE LÒT YO?

Genyen prèv kontradiktwa konsènan si mariwana se yon “dwòg pou kòmanse” ki ka mennen nan plis konsomasyon dwòg ki danjre tankou ewoyin ak kokayin. Pifò moun ki itilize mariwana pa fime dwòg ki “pi di”, men sila yo ki vrèman fè l la kapab genyen yon risk ki plis elve pou depandans, sitou si yo te kòmanse konsome mariwana nan yon laj ki jèn. Paran yo ta dwe toujou genyen enkyetid konsènan konsomasyon mariwana.



KOUNYEYA MWEN KONNEN REYALITE YO — KISA KIVINI APRESA?

Ou ka vizite talk2kidsaboutdrugs.com pou jwenn enfòmasyon de konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.


TALK2KIDS
ABOUT DRUGS